


# TARIYX HÁM MÁDENIYAT KESILISPESINDE: XVIII ÁSIR AQIRI-XIX ÁSIR BASINDAĞI QARAQALPAQLAR TURMISI

**Jarilkasinov Aynazar Qaypnazar uli**
Qaraqalpaq mamleketlik universiteti tariyx
fakulteti tariyx 1-kurs magistranti
https://doi.org/10.5281/zenodo.15622898

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 01-June 2025 yil
Ma'qullandi: 07-June 2025 yil
Nashr qilindi: 09-June 2025 yil

**KEY WORDS**
*mádeniy turmıs, milliy máresimler, toy dástúrleri, ırım-sırımlar, milliy kiyimler, etnografiya, qádiriyatlar, etnikalıq ózgeshelikler, tariyxıy derekler, ózlikti ańlaw, mádeniy miyras.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada qaraqalpaqlardıń XVIII ásir aqırı hám XIX ásir basındağı mádeniy turmısı keń kólemde analiz etiledi. Maqalanıń tiykarğı maqseti - bul dáwirde jasağan qaraqalpaq xalqınıń úrp-ádetleri, máresimleri, milliy kiyim-kenshekleri hám isenimleri tiykarında olardıń sociallıq-ruwxıy turmısın sáwlelendiriwden ibarat. Izertlew dawamında tek elimizdiń tariyxshı hám etnograf ilimpazlarınıń pikirleri ğana emes, al sırt el izertlewshileriniń de pikirleri analiz etiledi. Tiykarg`i bólimde qaraqalpaqlar arasında saqlanıp qalğan máresimler-toy, diniy hám máwsimlik dástúrler, sonday-aq dástúrler hám ırımlar óz kórinisin tapqan. Maqala milliy mádeniyattıń baylığın ashıp beriw hám tariyxıy estelikti saqlawğa qaratılğan.*

Qaraqalpaq xalqınıń bay tariyxı hám mádeniy miyrası ózine tán úrp-ádetler, áyyemgi máresimler hám milliy kiyimleri menen ajıralıp turadı. Ásirese, XVIII ásir aqırı hám XIX ásir baslarında qáliplesken mádeniy turmıs búgingi kúnde etnografiya hám mádeniyatanıw pánleri ushın áhmiyetli izertlew obyekti esaplanadı. Bul dáwir qaraqalpaqlardıń ózligin ańlaw, milliy úrp-ádetlerdi saqlaw hám áwladtan-áwladqa jetkeriw bağdarındağı háreketleri menen ajıralıp turadı.

Orta Aziyadağı eń eski xalıqlardıń biri bolğan qaraqalpaq xalqı da óz átirapındağı qońsı xalıqlar menen pútkil óz tariyxı dawamında siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslar ornatıp, tığız qatnasta jasap keldi.

Prezidentimiz Mirziyoev Sh.M. aytqanınday Búgin siz qádirdanlarım qarsıńızda turıp óz tariyxında kóp-kóp awır sınawlardı kórgen, miynetkesh hám bawrı keń Qaraqalpaqstan wákilleri qarsısında turıp, qálbimnen shuqır orın alğan usı pikirdi men hám úlken húrmet penen hám maqtanısh penen tákirarlamaqshıman: «Men ózimdi tek ğana ózbek xalqınıń emes, al, qaraqalpaq xalqınıń da perzenti dep bilemen» [1]dep qaraqalpaq xalqın respublikamızda úlken dıqqatqa sazawar etti.

XVIII-XIX a'sirlerdegi Qaraqalpaqlar tariyxina tiyisli shig'is jazba dereklerdin' biri Munis ha'm Agahiy miyrasi «Firdavs-ul-iqbol» atamadag'i derek bolip tabiladi. Onda XVII-XVIII a'sirlerge tiyisli Xiywa xanlari menen qaraqalpaq, qazaq, tu'rkmen, arallilar qatnasiqlari

boyinsha mag‘liwmatlar ja’mlengen. «Firdavs-ul-iqbol» miynetinen XVII-XVIII a’sirlerdegi qaraqalpaq ha’m qazaq biyleri, ataliq ha’m to’releri - Shing‘is a’wladlari» (xanlar) Xiywa xanlig‘indag‘i siyasiy, socialliq turmistag‘i qatnasiqlari, orni ha’m roli boyinsha mag‘liwmatlar berilgen. Xiywa xanlarinin’ Qubla, Qubla-Shig‘is Aral boylarina, A’miwda’ryanin’ ha’m Sirda’ryanin’ to’mengi alabina basip aliwshiliqlari, zakat saliq o’ndiriw siyasatlari, etnodemografiyaliq reformalari, ma’jbu’riy ko’shiwleri Arallilar, qaraqalpaqlardin’ Xiywa xanina qarsi bas ko’terilisleri, o’zin-o’zi basqariw ushin gu’resleri tuwrali derekler orin alg‘an. Akademik B.Axmedov «Firdavs-ul-iqbol» Xiywa tariyxshisi Munis, son’ Agahiy ta’repinen bul miyras toliq tamamlanip, waqiyalardi 1864-jilg‘a shekem jazilg‘anin atap o’tedi. «Firdavs-ul-iqbol» jilnamasi, Xorezm (Xiywa) xanlig’inin’qa’liplesiwinen, Shaybaniyler a’wladinan hu’kimranlig‘inan baslaydi. [2]

Xorezmli tariyxshilari Shermuxammed Munis, Muhammed Rizo Ogahiy, Muxammed Yusup Bayaniy miynetlerinde Qaraqalpaqlar tuwrali derekler barin ilimpazlar izertlewlerinde ko’remiz. «Firdavs-ul-iqbol» atamadag‘i miyneti Yu.Bregel terepinen anglichan tilinde kitap bolip shiqti. [3]

XX a’sirdin' 30-jillari Sankt-Peterburgli shig‘is tariyxshi-alim P.P. Ivanov Xiywa Arxiv xu'jjetlerdi jiynap ilimiy miynet do'retti. Qaraqalpaqlar xaqqinda segiz iri maqala jazdi. Ol 1933-1934 jillari «Qaraqalpaqlar» xaqqinda, xaliqtin' etnik qurami, kelip shig'iwi, Aral boyinda ko'shiwi, Xiywa xanlar menen baylanislarin, Azatliq gu'res qaharmanlari: Aydos, Ernazar h.t.b jazba dereklerden ko'rsetti. Ol 1598-jili Qaraqalpaqlar Sirdarya boyi Yassa (Turkistanda) Sig'nak qalada jasagan dep jazdi. Uliwma, P.P. Ivanov Qaraqalpaqlar o'tmishin jazba dereklerden izertlegen da'slepki alim edi.[4]

Qaraqalpaqlardin dasturiy urp-adetlerinen erteden saqlanip kiyatirg‘an «qiz uzatiw», «kelin tusiriw», «narestenin` tuwiliwi» siyaqli dasturler saqlanip qalg‘an.

Qaraqalpaqlarda kelin tusiriw toyi minaday korinislerden ibarat bolg‘an, kelin tanlaw sөylesiw, ayttiriw, qalin mal, qizdin` uyindegi «el qade» toy, kuyew balanin` uyindegi toy. Qaraqalpaqlardin kelin tusiriwinde hayal qizlardi orni ulken bolg‘an.

Qaraqalpaqlarda neke uruw ishinen yemes, basqa uruwdan (ekzogamiya) bolg‘an. Biraq nekelesiw shegarasi ozgermeli bolg‘an, Maselen, XIX asirdin ortalarinda qon`irat-shu`llik boliminin qiyat uriwlari oz-ara qiz alispag‘an, al hazir qiyat uruwlari oz-ara nekelesedi, demek qiyattin kishkene uriwlar, taraqli menen ush tamg‘ali nekelesedi, tek ush tamg‘ali ush tamg‘alidan qiz alispaydi, neshe atag‘a kelsede, bularg‘a nekelesiw o’z-ara qadag‘an.

Ùydi tigiw, jiynaw, kiyim-kensheklerdi, tag‘amlardi tayarlaw, saqlaw, uylestiriw hayallardiń biyliginde bolg‘an,merekelerde kòpshilikti kùtiw, dasturxan biyligi de solarda bolg‘an eki jastiń òmirlik qosiliwi neke qiyiw yamasa nekelesiw dep atalg‘an. Onda guwalar qatnasqan. Molla gùmis tiyin saling‘an neke suwi bar zerennin bir shetinen kùyewge, bir shetinen qizg‘a bir urtlatqan, qalg‘an sudi toyg‘a qatnasiwshi qiz hàm jigitlerge ùylestirgen.

Neke sudi nekelesiwshiler menen birge kòpshiliktiń birge ishiwi berilgen wàdeniñ buzilmawina ant ishkeni bolg‘an.[5]

Toy baslaw. Hàwjar yaki «yar-yar» toyda jàmààt bolip jir jirlag‘anda, toy baslag‘anda jirlang‘an. «Hàwjar» menen «yar-yar» ekewi bir sòz. Tùrik tilles xaliqlardiñ «j» menen sòylesiwshileri «hàwjar» degen, «y» menen sòylesiwshileri «yar-yar» degen. Hàwjar aytiwdi burin «òleń» depte atag‘an.

Qaraqalpaq xaliq añizlarìnda «toy baslap, òleń aytti» degen sòz ushirasadi. Shininda da toydi baslawshi termelep, yàki òleñ qosiq qurilisinda baslaydi, qaraqalpaq tilinde òleń sòzi sońĝi dàwirlerde onsha qollanilmaydi, bul tek qazaq, òzbek tilinde saqlang‘an.

Qaraqalpaq xalqinin' turmisindag‘i en' u'lken toylardan kelin tu'siriw ha'm qiz uzatiw toylari esaplanadi. Bul toylardin' ishinde qudaliq da'stu'ri ayriqsha orindi iyeleydi. Qiz on eki jasina keliwden uzatqanda o'zi menen alip ketetug‘in qara u'ydin' aq basqur, qizil basqur, esik qas, shiy o'n'ir, aq qur, tu'rkpeni qur, qizil qur, iyin baw, jambaw, beldew, to'rt baw, izbe, dizbe jelbaw qusag‘an u'ydin' baw shuwin toqiw ha'reketi baslanadi. . Qiz endi qara u'ydin' aq basqur ha'm qizil basqurlarin toqiwdi baslar wag‘inda ku'yew ta'repi el da'stu'ri boyinsha qizdin' u'yine bir qoy jeteletip jiberip turdi. Qiz on segizge shiqti, u'ydin' baw-shuwlarin toqip boldi, qizdin' a'kesi qizdi uzatarda kiyip ketetug‘in sa'wkeleni isletiw isine kirisedi, sa'wkelenin' to'beligin zergerge, o'zin islew awildag‘i bir sheber hayalg‘a tapsiriladi. Qiz alti jol dawaminda u'yge tutatug‘in baw-qurlardan basqa u'ydin' ishine kerekli qarshin, kergi qusag‘an zatlardi isleydi[6].

Qaraqalpaqlardin' qista kiyetug‘in joqarg‘i kiyimi qoy terilerinen tigilgen postin bolip tabiladi. Onin' etegi, jen'lerinin' ushi qizil, qara suknolar menen jiyeklengen, jawirinina u'sh mu'yeshli qizil sukno duwa ornatilg‘an. Bunday u'sh mu'yeshlik er adamlardin' kiyimlerinde, qara u'ylerdin' esiklerinde gezlesedi. Bul duwashiq qanday da bir isenimshiliktin' ko'rinisi. Er adamlardin' sirtqi kiyimlerinin' biri ju'n sabaqlardan toqilg‘an shekpen, astarli, astarsiz shapanlar bolg‘an. (Etnografiya karakalpakov). Shapanlar sirilg‘an ha'm sirilmag‘an boladi. Jasi u'lken adamlar ushin paxta sabaqlardan tigilgen, al jas jigitler ushin jipek sabaqtan toqilg‘an gezlemelerden tigiledi..Gladishev, Muravinlerdin' ko'rsetiwinshe qaraqalpaq er adamlari jegde (yaktak) kiygenligin jazadi.

Er adamlar joqarg‘i kiyimlerdin' sirtinan arnawli toqilg‘an belgili bir ren'degi gezlemeden belbewler buwg‘an. Bunday belbewlerdin' ha'r tu'rli boliwi er adamlardin' jasina, socialliq jag‘dayina baylanisli bolg‘an. Misali, jas jigitler qur belbewge bolmasa teletin belbewge (qayis) gu'misten ya'ki altin jalatqan 14 qas bekitken. Gu'misten tog‘a ornatqan. Buni qamari belbew depte atag‘an. (Etnografiya karakalpakov).

Muravinnin' ko'rsetiwinshe qizil ren'degi qayis XVIII a'. o'mir su'rgen. Bunday belbewler qazaq, qirg‘iz, altaylilarda, mong‘ollarda ha'm t.b. xaliqlarda o'mir su'rgen. Belbewge qin, oq, da'ri, jolg‘a kerekli zatlar qistirip ju'rgen. Sonday-aq belbewge shiniqap ha'm chayqalta da qistirip ju'rgen.

Qaraqalpaqlardag‘i biz ko'rsetken er adamlardin' kiyimleri shapan, shekpenler basqa tu'rkmen, o'zbek ha'm qirg‘izlarda da bolg‘an.[7]

Hayal-qizlardin' kiyimleri xalqimizdin' basqa materialliq miyraslarina qarag'anda elede turaqli o'mir su'rip kiyatirg'an esteliklerdin' biri. A'sirese er jetken qizlar menen kelinsheklerdin' kiyimlerinde qizil ren' basim bolip ha'r tu'rli nag'islarg'a bay bolg'an. Al orta jastag'i hayallar aq atlama gezlemelerden aq ko'kshil aralas ren'degi toqilg'an gezlemelerden bolg'an. .Qaraqalpaq hayal-qizlardin' kiyimlerinin' ajiralmas bir bo'legi zerger soqqan tag'inshaqlar bolip esaplang'an. Bul tag'inshaqlarda da olardin' jas o'zgesheligi socialliq jag'dayda ko'rinedi. Misali: tag'inshaqlar qizlar menen kelinsheklerde ushirasadi. Al jasi u'lken hayallarda olar siyrek gezlesedi. Biraq bul zatlardi tag'iw XX a'. basinda toqtag'anliqtan XX a'. II yariminda adamlar ol tag'inshaqlardi kimlerge ha'm ne ushin taqqanlig'i haqqinda birdey tu'sinik bere almaydi. Shama menen qizlar to'mendegi zerger soqqan zatlardi taqqan.

XVIII-XIX ásirlerde qaraqalpaq xalqınıń mádeniy turmısı óziniń dástúriy qádiriyatları, awızeki dóretiwshiligi, úrp-ádetleri hám ónermenshiligi menen ajıralıp turatuǵın edi. Qaraqalpaqlar bul dáwirde kóshpeli hám yarım kóshpeli turmıs tárizin jasag`an bolsa da, olardıń milliy mádeniyatı bay hám ráńbáreń edi. Usı ásirlerde jasaǵan qaraqalpaq xalqı óz milliyligin saqlaǵan halda, basqa túrkiy xalıqlar menen mádeniy baylanısta bolǵan, bul bolsa olardıń mádeniy sanasin jáne de bayıtqan. Olardıń jámáátlik, jası úlkenge húrmet, miymandoslıq sıyaqlı qádiriyatları xalıq ruwxıylıǵınıń tiykarın quraǵan.Olardıń jámáátlik, jası úlkenge húrmet, miymandoslıq sıyaqlı qádiriyatları xalıq ruwxıylıǵınıń tiykarın quraǵan.

## Paydalanilg`an a`debiyatlar:

1.Шавкат Мирзиёев. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. Тошкент «Узбекистон». 2017 й 204-б

2.Б.Ахмедов. Историко географическая культурное литертура Средней Азии XV-XVIII вв. (писменные памятники) Т.1986,120-126 б

3.Брегель Ю.Э. Документы архива хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков. Москва: Наука, 1967.

4.Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Н.2003

5.Shaniyazov K.Sh., Ismailov X.I. 1981, 67-97-bb; Antipina K.I. 1962, 219-230-bb